
Авар
МацI


Муниципальное казенное
общеобразовательное учреждение
“Гимназия №3”
21 февраля
Международный
день
родных языков
г.Хасавюрт - 2017г.


ТIОЛГО
ДУНЯЛАЛЪУЛ МАГIАРУЛАЛ
ЦОЛЪЕ НУЖ !
Роркун унел цIумал цIвабзазда хъвалел,
МоцIрода дагIнил лълъар лъуранин кколел,
Лъаралги гIедерал, гIоралги гучал -
Гьеле дий рокьулел рорхатал мугIрул.
ХIажи Гъазимирзаев

**Рахьдалаб х1ат1икьги лъун,**
**Къват1улаб къвалакьги ккун,**
**Гьеле гьедин хвела мац1 , хадубго маданият,**
**Умумуца куцараб, улбуцаги ц1унараб,**
**Ц1ан бахъила кодоса, катица мохмох г1адин.**

**Малъе, улбул, нужеца,малъе нилъер рахьдал мац1.**

**Малъе , кини к1ибик1ун,куч1дул къаданир ах1ун,**

**Малъе, кванил ниг1матал кваналагоги абун.**

**Малъе, х1аял х1алаго, расанк1абигун рик1к1ун.**

**Кин бугониги малъе, к1очон тезе биччаге.**

**Гьоц1о г1адин гьуинго ургьиб гьуинлъизе те,**

# Авар мацӀ

- *Ассаламу гӀалайкум, аваразул миллат-мацӀ,*
- *Адаб къочӀое лъураб, ахир рокъуе гьечӀеб;*
- *Армяназул пашманлъи - Арарат мегӀер буго.*
- *Аваразул пашманлъи - авар мацӀ лъачӀел лъимал.*
- **Расул ХӀамзатов**



Нуж щалали лъазе ,
Лъилали лъазе
Лъазе гьабе, бабал ,
Эбел инсул -мац1 .

Милатго гьеч1еллъун
Хут1унгут1изе,
Хвезе тоге, бабал,
Бищун лъик1аб мац1.

# Г1агараб мац1

Кинида эбелалъ дида малъараб

Лъим гIадин гIедераб, дица бицунеб

Берцинлъигун цадахъ цодагьаб хъачIаб,

ЧIухIун кIалъала дун магIарул мацIалъ.

Шамилица бодуй буюрухъ кьураб,

МахIмудица рокьул асарал хъвараб,

ХIамзатил насихIат, Расулил угьи

Щалила авар мацI гIадамаздаян.


Малъе лъималазда гьезул рахьдал
мацI,
Бице гьеб мацIалда гьезие маргьа
АхIе гьезий кучIдул, мугIрузул бицун
ГIагараб Дагъистан гьезий бокьизе.
Гьедин гьабичIони, гьечIо Дагъистан,
ГьечIо гьелъул къуват, гьелъул
къиматлъи
Гьедин гурищ къоло щуябго соналъ
Щулаго цIунараб Шамилица гьеб.
Гьедин гурищ нилъер Расулица гьеб
ТIолго дунялалда рагIизабураб
ЩIуне Дагъистанин, бокьа гьебилан,
БацIцIадаб магIарул мацIалъ ахIараб.

# Къо мех лъик1 ц1алдохъаби !